ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛЕМЫНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№62 (23.470) ● 2017 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 7, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Темыркъан Б. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Музыкэ гъэзджэм зегъэужьыныжьмкІэ зэфІэкІ ин къызэригъэлъэгъуам къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным **Темыркъан Борис Хьэту и къуэм** - «Урысейм и Композиторхэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м
№49-УГ

Урысейм и цІыхубэ артист, «Урысейм и Композиторхэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и тхьэмадэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонией» къэрал кІэзэнэ щэнхабзэ Іуэхущ Іапі эм и дирижёр нэхъыщхьэ икІи художественнэ унафэщІ Темыркъан Борис КЪБР-м щыщ Зэрыгъыж къуажэм 1937 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м къыщалъхуагъ.

Абы музыкэмкІэ пэщІэдзэ щІэныгъэ Налшык щызэригъэгъуэтащ, адэкІэ Владикавказ щеджащ икІи Саратов дэт курсэ консерваториер къиухьажащ. 1970 гъэхэм Ленинград къалэм Мусоргский М. П. и цІэр зэрихьэу оперэмрэ балетымкІэ щыІэ театрым и спектакль зыбжанэм я дирижёру щытащ. Налшык къигъэзэжри Темыркъан Борис республикэм и симфоние оркестрым и дирижёру лажьэу щИдзащ.

Адыгэ пшынэмрэ симфоние оркестрымрэ папщІэ ятэ пьесэхэр зытхар Темыркъан Борисщ. Абы куэд зэфІигъэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и профессиональнэ музыкэм зегъэужьыныным хэуГъэзэуэ.

Пьэнкъэм я Зэныбжьэгъугъэ орденыр къратащ, КъБР-м и Къэрал сауГъэтыр къыхуагъэфэщащ, «Къэлмыкъ Республикэм и цІыхубэ артист» цІэр къыфІащащ.

«2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон лъабжьым и щытыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и докладым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон лъабжьым и щытыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и докладыр къэщтэн.
2. «2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон лъабжьым и щытыкІэм и Іуэхукіэ» докладыр электрон теплъэ иІэу илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щиІэ официальнэ сайтым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іым и къуэдзэ АФЭЩІАГЪУЭ Михаил

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№673-П-П

КЪБР-м и Правительствэм и комиссэм Іуащхьэмахуэ районым хиубыдэ мэзхэм къыщыхъеи мафІэсхэр гъэункІыфІынымкІэ зыхуэфащэ Іуэхухэр зэфІегъэкІ

КЪБР-м и Правительствэм Къыззэрымыкіуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымкІэ, абыхъэм я Іуэхухэр гъэзэкіуэжьынымкІэ, мафІэсхэм ящыхъунымэныкІэ и комиссэм лэжьыгъэ пыухыкІахэр зэфІегъэкІ Іуащхьэмахуэ мэз хозяйствэм хиубыдэу къырхэм къыщыхъеи мафІэсыр гъэункІыфІыным хуэГъэзэуэ.

МЫ ЛЭЖЬЫГЪЭМ техникэу куэд, Іуащхьэмахуэ лъапэ мафІэсхэм защыхъэнымкІэ щыІэ гарнизоным, кьинэмыщІ пІэщІэгъуэ Іуэхухэр зэфІэзыгъэкІ Іэнатіэхэм я лэжьакіуэхэр хэтщ. Апхуэдэу мафІэсыр къыщыхъуа щІыпІэм зэпымыууэ кІэльыплъ гупхэр щыІэщ.

Псори зэхэту мафІэсым гектари 8 - 9 хуэдиз иІыгъщ. Гъунэгъуу щыІэ жылагъуэхэм мафІэр ящІэнэнкІэ тешыныхьыркъым.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

«Питер, уэ дыпщІыгъущ!»

2017 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м Санкт-Петербург террористхэм щызэхащІыхьа щІэпхъаджагъэм зэрызэгуигъэпар, лей зытехьахэм я телъхьэу зэрыщытыр къагъэлъэгъуэнымкІэ Іэмалхэр къыхуэзэрагъэпэщыну щІэлъэІуу цІыху куэдым зэрызыкъыхуагъаззм къыхэкІыу, Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм республикэм щыпсоузэр кьрегъэблагъэ «Питер, уэ дыпщІыгъущ!» терроризмэм и бий пэкІум хэтыну. Ар 2017 гъэм мэлыжьыхьым и 8-м сыхьэт 12.00-м Налшык къалэм дэт «Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэ» КЪБР-м и къэрал щэнхабзэ бюджет Іуэхущ Іапі эм и гупэм деж щызэхьэхьэнущ.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьыгуфІхэ!

Илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну ди газетым Іэ щІэвдзыну фыхуэнэмысамэ, иджыри Іэмал фиІэщ ар вгъэзэкІуэжьыну.

Мэлыжьыхьым и 21 щІоидэ Іэ щІэвдзэмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфІэрыхьэнущ накьыгъэм и 1-м къыщыщІэдзауэ.

МазитІым ди газетым и уасэр сом 218-рэ кІэлІейкІэ 66-рэщ.

Ди индексыр 51531

ГъэпцІакІуэхэм я Іэмалхэр зыхуэдэр

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм и лэжьыгъэр зыубзыху советым иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ зи ныбжь хэкІуэтахэр гъэпцІакІуэхэм ящыхъумэным теухуа зэІуІущІэ.

СОВЕТЫМ и унафэщІ, КЪБР-м и Парламентым и депутат, Налшык къалэм дэт курыт еджапІэ №9-м и унафэщІ **Коротких Ольгэ** зэІуІущІэ къыщызэІуихым жиІащ иужьрей зэманым телефонымрэ, интернетымрэ, банкым и Іуэхутхьэбзэхэр къаГъэсэбэпурэ гъэпцІакІуэхэм нэхъыжьхэм я ахьшэр къыІэщІагъэкІ зэрыхъуар, абы хэкІыпІэ гъэрхэр къыхуэгъэутын зэрыхуейр.

- Дэ дызэрепІымкІэ, нэхъыжьхэм тэмэму хащІыкІыркъым гъэпцІагъэкІэ мыльку зыІэрызыІэхьхэхэм я Іэмалхэм. Аращи, ди къалэну къызолъытэ зэрыхъукІэ хъыбар нэхъыбэ абыхъэм иІэрыдГъэхьэныр. Псом хуэмыдэу уегъэгузавэ лІыжьфызыжьхэм банкым къыхуагъакІуэ я ахьшэр ирадыГъукІ зэрыхъуам. ИкъукІэ мыхьэнэ иІэщ мы Іуэхуми, хабзэхъумэ Іэнатіэхэри жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри зэгъусэу дызэдзэлажьэпхъэщ, - къыхигъэщащ Коротких Ольгэ.

Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщ Іэуэзда къарухэмрэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустафа** щапхъэу къихьащ зи ныбжь хэкІуэтахэр къызэрагъэпІа Іуэхугъуэ зыбжанэ. «Ди зэгухьэныгъэм хэтхэм зэпымыууэ яжьдоІэ социальнэ лэжьакІуэхэм я дэфтэрыр кьрамыгъэлъэгъуауэ зыри я унэ щІамыгъэхьэну. Ауэ мыбдежи къэлъытапхъэщ дэфтэр нэпцІхэр щызэрагъэпэщи зэрыщыІэр. Абы и лъэныкъуэкІэ куэд елъытащ хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьыгъэм. Фигу къэзгъэкІыжьинщи, нэхъапэхэм къуажитІ-щым зы участкоВэ яІэти, абы псори иціыхуу, езыри кьацІыхуу щытащ. ИджкІ куэдым яцІыхурьыкІ я хьэблэм къегъэбыдыпІа участковэр. Зыгуэр къэхъуамэ, езыр-езыру Іуэхур зэхагъэкІыну иужь йохьэ, абы щыгъуэм зыри къикІырыкым. Нэхъ ипэкІэ фэтэр куэду зэхэт унэ къэс комитетхэр яІэу щытащ: сыт хуэдэ Іуэху къыкъуэкІми зэхуэсрэ зэхагъэкІыу, унэм, пщІантІэм щызекІуэн хуей хабзэхэм кІэлъыплъу. Абы дыхуэкІуэжьыпхъэу къыхозІыльэтэ», - жиІащ Абдуллаевым.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

⊗ Ди къуэш республикэхэм

Узыншагъэм - гулъытэ хэха

АДЫГЕЙ. ***Республикэм узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и Іуэхущ Іапі эхэм нэгъабэ ахъшэу хухахащ сом меларди 5-м щигъу. 2017 гъэм ар сом мелуан 500-кІэ нэхъыбэ хъуну щогугъ.***

АДЫГЕЙМ Узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министерствэм къызэриты жьмкІэ, мы гъэм къыхэхъуэну сом мелуан 500-р, республикэ сымаджэщым диагностикэ центр гуэщІыхьыным трагъэкІуэдзнур, зэгъэуІуа бюджетымрэ Іэмал зимыІэ медицинэ страховани эмрэ я мылькум къыхэкІынущ.

Я зэдзэлажьэныгъэр ирагъэфІакІуэ

АБХЪАЗ. ***Москвэрэ Абхъаз Республикэмрэ зрагъэужьынущ я сату-экономикэ зэдзэлажьэныгъэм.***

АБЫ ТЕУХУА теухуа зэгуры Іуэныгъэм Сыхъум Іэ щыщІадзащ Абхъазым и дунейпсо щэнхабзэ-Іуэху центрымрэ (МКДЦ) Москва и Правительствэм деж щыІэ «Дунейпсо зэдзэлажьэныгъэмкІэ москва центр» къэрал Іэнатіэмрэ я унафэщІхэу Лакобэ Олегрэ Баутинэ Зоерэ.

- Зэтщ Іыпі а зэгурыІуэныгъэр зытеухуэжар Абхъазымрэ Москварэ я сату-экономикэ зэпыщІэныгъэр нэхъри гъэбыдэныр щ, зэгъэужьныр щ, - жиІащ Лакобэ.

ЩІэпхъаджагъэр ядэркъым

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Санкт-Петербург и метрополитеным къыщыхъуа гуэвэгъуэшхуэм имыгъэпІейтея щыІэкъым. Терроризм и бий пэкІуэкІэ къаралым и Ипщ, Кавказ Ищхъэрэ щыналъэхэм щекІуэкІынущ. Дыгъуасэ республикэм щызэхэтащ террорым пэщІэтыным теухуа зэхьхьэ.***

- КЪЭРЭШЕЙ-Шэрджэсым и Театральнэ утым щекІуэкІ пэкІур къызэригъэпэщащ КъШР-м и Жылагъуэ палатэм. Абы хэтащ республикэм щыпсоу цІыху мини 3-м щигъу, - жиІащ Жылагъуэ палатэм и лэжьакІуэм. Къыхэдгъэщыщи, щІэпхъаджагъэм имыгъэгуІэза щыІэкъым икІи Урысейм и щыналъэ куэдым апхуэдэ пэкІуэкІ щыгъэкІуэкІынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Республикэм исхэр сакъыну къыхураджэ

Терроризмэм и шынагъуэ иджыри зэрыщыІэм къыхэкІыу Террорым пэщІэтыныжьмкІэ лъэпкъ комитетым КЪБР-м щыІэ и Оперативнэ штабым республикэм исхэр къыхуреджэ терроризмэм зыщыкъыжьмэныжьмкІэ хабзэхэр ягъэзэщІыну.

ЗЫЩІЫВМЫГЪЭГЪУПЦІЭ, терроризмэм и щІэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъунымкІэ хэкІыпІэ нэхъ тэмэм дыдэр цІыхухэм я сакъыныгъэрщ.

ПщІэ зыхуэтщІ адэ-анэхэ! ГуфІэгъуэ дауэдапщэхэм щыхэфшэкІэ фи сабийхэм ягурыврЗаІуэ уэрамым, пщІантІэм, уиз щыхьэпІэхэм къыщагъуэта дэтхэнэ зы хьэпшыпми уеІуэсыну зэрышынагъуэр. КъызэрыгуэкІ хъуржьмыр, тхьипшмпІэ пхъынтэр, кьинэмыщІ зэкІуэцІыпхъэр терористхэм къагъэсэбэпынкІэ хъунущ лагъым ІэрыщІхэр ягъэпщкІун папщІэ.

Щэ гуэр фэзыгъэщІ хьэпшыпІ фрихьэлАмэ, гулъытэншэу фыблэмыкІ, ауэ абы фемыІуэсэ, зэтемыхь, зэкІуэцІымрэ, сыту жьпІэмэ апхуэдэу къагъэна сыт хуэдэ хьэпшыпми лагъэмхэр кІуэцІыпхьнкІэ хъунущ.

Гурыщхъуэ фэзыгъэщІ сыт хуэдэ Іуэхуми, цІыху щхьэхуэми я теухуауэ хабзэхъумэ органхэм хьыбар евгъащІэ, абыхэм я Іуэхущ Іапі эхэм щІэт телефонхэмкІэ фыпсалъи.

Хабзэм и хъумакІуэхэм я телефонхэр:

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым - **48-15-48**;

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм - **48-15-81**;

КъБР-м щыІэ МВД-м - **40-49-10**, **49-50-62**;

УФ-м Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм - **77-64-22**;

Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм - **39-99-99**;

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штаб.

● Май щІыналъэ

Гъуэгу хабзэхэм хагъэгъуазэ

Май щІыналъэм илъэс зыбжанэ хъуауэ щолажьэ машинэкІэ гъуэгу теувэ сабий гупхэм я щынагъэншагъэр щыІэзгъэпэщыным телажьэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэ (ЮИД).

МЫБЫ ХЭТХЭМ пэщІэдзэ классхэм щеджэ къалэдэс сабийхэр школым нашэс, гъуэгум шынагъуэншагъэм теухуауэ щыгъэзэщІэн хуей хабзэхэм щагъэгъуазэ. Фащэ дахэкІэ хуэпа «контролёр» ныбжьыщІэхэм ят дерсхэм школакІуэхэр яфІэфІу щІодэІу икІи абыхэм я жьІэм зэрыщІэтыным хэтщ. Апхуэдэу тэмэму зэтеубла хъуа лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ сабийхэр щыщІыкІым къыщыщІэдзауэ гъуэгу хабзэхэм хэгъуэза мэхъу.

«Контролёрхэр» хьэзырщ, нэхъ цІыкІуэхэм я мызакъуэу, езыхэм я ныбжьхэми нэхъыжьхэми ядэІэпыкъуну, гъуэгу хабзэхэм ахэри зыщыгъуэзэапхъэ щІэ гуэркэр щІэх-щІэхъыурэ къыхохьэри.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Лъэпкъ рейтингыр къагъэсэбэп

КъБР-м и вице-премьер Бэлэтокъуэ Владимир гъатхэпэм и 31-м иригъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я инвестицэ щытыкІэм и лъэпкъ рейтингыр гъэхъэзырыныжьмкІэ, егъэкІуэкІыныжьмкІэ, апхуэдэу республикэм и инвестицэ зэфІэкІым хэгъэхъуэным теухуа Іэмал нэхъыфІэхэр къэгъэсэбэпыныжьмкІэ Правительствэ комиссэм и зи чэзу зэІуІущІэр.

АБы щЫХОПЛЪАЩ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм пхигъэкІыну проектхэр зэхэлъхьэным пыщІа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм я Планымрэ бизнес гъэпсыкІэр нэхъ къызэрыгуэкІыу къызэралъытэ зыхуэфащэ щапхъэ (модель) хэхахэм хуэкІуэныным, УФ-м и щІыналъэхэм инвестицэ щытыкІэр щегъэфІакІуэным ехьэлІауэ лэжьыпхъэхэм я Планымрэ зэрагъэзащІэм.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис** зэхуэсахэм ягу кьигъэкІыжащ республикэм и хэкІуэт властым и гъэзэщІакІуэ Іэнатіэхэм ящыщу проектхэмрэ программэхэмкІэ жэуаптакІуэ кІулыкъущІэхэр зэрагъэбелджылар.

- Ялэ игъэщыпхъэ Іуэхугъуэхэм я Планым и етІуанэ пунктым ипкъ итклэ, узыншагъэр хъумэныжьмкІэ, егъэджэныгъэмкІэ, ипотекэмрэ бдджэнд псэупІэмкІэ, ЖКХмрэ къалэм и щІыналъэмкІэ, хэрал зэхуаку кооперацэмрэ экспортымкІэ, Іэнатіэм къит хъеры мкІэ, бизнес мащІэмрэ щхьэзакъуэ хьэрыфэтыщІэхэм я жэрдэмхэмкІэ, къэпщІаткІуэ, кІэлъыплъкІуэ лэжьыгъэхэр реформэ щІыныжьмкІэ, фІагъ зиІэ Іуэгу щынагъуэншэхэмкІэ, къалэм зеузгъэужь Іуэхущ Іапі эхэмрэ экологиемкІэ проект комитетхэм хэтхэр Правительствэ комиссэм и нобэрей зэІуІущІэм къыщытщтэн хуеящ. Ауэ муниципальнэ щІыналъэ, къалэ округ псоми я тхьилъхэр къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм и пІалъэм ятратакъым. Апхуэдэщ Налшык къалэр, Аруан, Бахьсэн, Шэрэдж, Іуащхьэмахуэ щІыналъэхэр. Пщалъэм кьиІасэу зэкІэлъытхьин щхьэжкІэ, протоколкІэ хуэхаха пІалъэм кьрибыдэу иджы аэр ягъэхьэзырыну дащогугъ. Кьимыдзкіэ, муниципальнэ щІыналъэхэм, къалэ округхэм, Іуэхур зэхьэлІа организацэхэм я лІыкІуэкІэр зыхэтыну проект комитетхэм я тхьилъхэр, Ухуэныгъэмкіэ, ЖКХ-мрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ министерствэм къищынэмыщІа, адрейхэм къыдатащ, - кьигъэлъэгъуащ Рахаев Борис.

Министрым жиІаэм арэзы техъуэри, къыхилъхьаэр унафэкІэ къащтащ.

ЕтІуанэ Іуэхугъуэм - бизнес гъэпсыкІэр нэхъ къызэрыгуэкІыу зэраубзыху зыхуэфащэ щапхъэ (модель) хэхахэм хуэкІуэным, УФ-м и щІыналъэхэм инвестицэ щытыкІэр щегъэфІакІуэным теухуауэ лэжьыпхъэхэм я Планыр гъэзэщІа зэрыхъум и гугъу щищІым, нэгъабэ щэкІуэгъуэм и 12-м Ярославль къалэм щекІуэкІа зэІуІущІэм - УФ-м и Къэрал Советым и президиумымрэ чэнджэщагъу комиссэмрэ я зэхьхьэшхуэм нэхъыщхьэу зыщытепсэлъыхьауэ щытам вице-премьерыр кІэщІу кьытеувыІауэ.

- Путин Владимир а зэхуэсым къыщыхигъэщащ бизнесым ІэмалыфІхэр къыхуэгъэпэщыныр экономикэмрэ социальнэ Іэнатіэхэмрэ зэпІэззэрыту заужьыным зэралъабжьэр, хьэрычэтыщІэ жэрдэмхэр зэрыдаІыгъым Іуэхур зэригъэкІуатэр, абы и лъэныкъуэкІэ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм гъунэ хъарзынэ зэрыщралъар, инвестицэ щытыкІэм и лъэпкъ рейтингыр къагъэсэбэпу зэрыщІадзар, властым и федеральнэ органхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ щІыпІэхэм щагъэунэхуа лэжьакІэ нэхъыфІхэм я моделхэр зэщІыгъуу зэрызэхалъхьэр. Абыхэм япкъ иткІэ, нэгъуэщІхэм закъыкІэрыдмыгъэхуу, дэ езым ди щІыналъэ программэ дгъэхъэзырыжьын икІи мы гъэм къриубыдэу дгъэзэщІэн хуейщ, - къигъэлъэгъуащ **Бэлэтокъуэ Владимир**.

Ярославль къалэм щекІуэкІа зэІуІущІэм и ужькІэ, УФ-м и Правительствэм ищІа пщэрыльым тету, унэтІныныгъэ 12-м тещІыхьа модель хэхам хуэкІуэн щІадзащ. Мы гъэм и кІэ пщІондэ ирагъэфІэкІун хуей Іэнатіэхэр зыхуэдэр дэтхэнэ щІыналъэми щхьэхуэу щагъэбелджылащ, абыкІэ сэбэп хъуну къалъытэ чэнджэщ щхьэпэхэр зэрагъэуІури, лажьыпхъэхэм я «гуэгу картэр» зэхалъхьащ.

«Гуэгу картэм» и модель хэхахэм я унэтІныныгъэхэм ящыщщ:

- ухуэныгъэ ирагъэкІыну, щІыналъхэр яубзыхуну хуит щІыныр;
- щІы Іыхьэхэмрэ ямыгъэІэпхъуэ мылькумкІэ яІэ хуитныныгъэхэр тхьныр;
- щІы Іыхьэхэмрэ ямыгъэІэпхъуэ мылькумрэ кадастр учётым гъэувынэр;
- Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм къэпщІэтэныгъэ-кІэлъыплъныныгъэ лэжьыгъэхэр щегъэжьыныр;
- хьэрычэтыщІэ Іэнатіэ цІыкІухэмрэ курытхэмрэ защІэгъэхъуэныр;
- Іуэхущ Іапі эхэмрэ унагъуэхэмрэ токыр яхупыщІэныр;
- Іэнатіэхэмрэ цІыхухэмрэ газыр яхупыдзэныр;
- Іуэхущ Іапі эхэмрэ унагъуэхэмрэ хуабэ, псы кІуапІэхэр, псы гуэшыпІэхэр яхупыщІэныр;
- инвесторхэр къыдахьэхыныжьмрэ инвестицэ гъэхьыгъэр дэІыгъыныжьмрэ хуэгъэпса щІыналъэ хабзэхэр зыхуэдэр, ахэр къызэрагъэсэбэп щІыкІэр;
- УФ-м и щІыналъэхэм я унафэщІхэмрэ инвесторхэмрэ я зэпщІэнныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщыр;
- инвестицэхэр зэщІэгъэуІуэныр, инвесторхэм ядэлажьэныр зи пщэрылъ Іуэхущ Іапі эхэм и зэфІэкІыр зыхуэдэр;
- УФ-м и щІыналъэм и инвестицэ порталым и фІагъыр.

Модель хэхахэр гъэзэщІэныр къызэрэпэщыныжьмкІэ жэуаптакІуэ кІулыкъущІэхэр зэхьхьэм къыщыпсэлъащ, щытыкІэр зыхуэдэр зэпкърахащ, къалэм нэхъыщхьэхэр ягъэнэІуащ.

Зытепсэлъыхьахэр щызэхилъхьэжьым, Бэлэтокъуэ Владимир зэхуэсахэр къыхуриджащ лэжьыгъэр щІагъэхуэбжьну, ярбзыху Іуэхугъуэхэр зытращІыхь пІалъэм къиІасэу зэфІагъэкІыну, тхьилъхэр электрон Іэмалкіэ зэрыщІэзэпхъэ щыкІэм нэхъ жьыдэжру хуэкІуэну.

ХЬЭЖЬІКЪАРЭ Алик.

НОБЭ

♦Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ. Узыншагъэр хъумэныжьмкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэр къыщыІэзрагъэпэща махуэм (1948 гъэм) хуэзэу ягъэлъапІэ.

♦Рунетыр - урысыбзэкІэ лажьэ интернетыр (Ru дамыгъэр зиІэр) къыщыІэзрагъэпэща махуэщ. 1994 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м лэжьэн щІидзащ абы икІи дунейпсо «хъым» хэтыну хуитныныгъэ зиІэжэм хагъэхьащ.

♦Анагъэм,лъагъуныгъэмрэ дахагъэмрэ я махуэр щагъэлъапІэ Армением

♦Руандэм щалажьа геноцидым хэкІуэдахэр ягу къыщагъэкІыж дунейпсо махуэщ. Ар лъэпкъгъэкІуэд политикэм и бийуэ ООН-м 2003 гъэм къыщта унафэм ипкъ иткІэ ягъэуващ. Къуэкіыпі э Африкэм щыІэ а къэралым и унафэщІхэр 1994 гъэм дзэм тридзри, пІалъэкІэ лажьэну правительствэ къызэрагъэпэщауэ щытащ. Ямылажьэ щІэпхъаджагъэхэмкІэ ягъэкъуаншэуэрэ, цІыху мин щитхум къыщыщІэдзауэ зы мелуаным нэс ягъэкІуэдауэ къальитэ абы щыгъуэ.

♦1795 гъэм Франджым къыщащтащ Пщалъэхэм я мардэм теуху хабзэр.

♦1934 гъэм Урысейм къыщызэрагъэпэщащ бдзэжьейхэр хъумэным зи лэжьыгъэр хуэгъэпса Іуэхущ Іапі эхэр.

♦Америкэм щыщ къэрал къулыкъущІэ, ЦРУ-м и ятІонэрэ щыта **Даллес Аллен** къызэралъхурэ илъэси 124-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, журналист, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, АР-ми КъШР-ми щІыхь зиІэ я журналист **Мэзыхьэ Борис** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Урысей продюсер, кинокритик, «Кинотавр» фестивалым и къызэрэпэщакІуэ **Рудинштейн Марк** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, политик, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и УнафэщІ, «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и нагъыщ псори зрата **Матвиенкэ Валентинэ** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Къэрэшей-Шэрджэсым и цІыхубэ усакІуэ, КъШР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, Кьандурым и цІэр зезыхьэ саугъэтыр зыхуагъэфэща **Бемырзэ Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къуэжькъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты жьмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градуси 8 - 11 щыхьэунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Быдэ и анэ гъыркъым.

ГъэпцIакIуэхэм я Iэмалхэр зыхуэдэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КЪР-м Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ зэщIэуэзда къарухэмрэ хабзэхъумэ Iэнатlэхэмрэ я ветеранхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Шыхьуэбахьуэ Мухьэмэд** зэIущIэр къыз ззэыгъэпэщахэм фIыщIэ яхуищIащ мы хьэнэшхуэ зиIэ Iэхэугъуэ къызэраIэтам щхьэкlэ. Абы жиIащ: «Зы лъэныкъуэкlэ уегупсысмэ, ди нэхъыжьхъэм леишхуэ щраха къэхъуакъым, арщхьакlэ, шэч хэмылъу, сытми дыхуэхьэзырын хуейщ. Техникэм зиужьныхь, гъэпцIакIуэхэми Iэмалрэ хэкIиплэу къагупсысыр нэхъыбэжщ, цIыхум я мылъкур зэрыфIашхьыным теухуауэ. Щапхъэ хуэдэ къыпуухьынущ абыхэмэ зи ныбжь хэкIуэтахэм кIэлъыплъэрахьэ Iуэху мыхъумыщIэхэм ящыщу. Къохъу, псалъэм папщIэ, Хэку зауэшхуэм хэта ветераныр сымаджэщым щIэлъыху, и унэ-лъапсэр ящуэ е, ди жагъуэ зэрыхьунщи, щыIэщ зи ныбжьыр фIыуэ зэкIуэта лIыжьым гъэпцIагъэкIэ дэкIуэу и мылъкур зыIэрызыгъэхьи. Апхуэдэуи Хэку зауэшхуэм хэта цIыхум и цIэкIэ иджы къагупсысауэ зы къыщыгъуазэ къохъу, аз зэрыпсэун ахъшэ имыIэу жаIэу, дадэIэпкъыпу лъаIуэу. Абы щыгъуэм зи гугъу ящIыр щымыIэ Iуэхущ. Араущи, ди нэхъыжьыфIхэр апхуэдэ Iуэху мыхъумыщIэхэм щытхъэмэн щхьэкIэ лъэныкъуэ псомкIи дыщыздэлэжьэн хуейщ».

КЪР-м и Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Тхьэзэплъыж Мурат** къыщыпсалъэм къыхилъхьащ щIыналъэм и хабзэхъумэ Iэнатlэхэри къадэIэпкъуу, гъэпцIакIуэхэм ящызыхъумэну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр къыщыхьа тхылъ цIыкIухэр зэхагъэувэну.

КЪР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и комитетым и унафэщI **Къэжэр Хъусен** жиIащ зи закъуэу псэу цIыкIухэр, Хэку зауэшхуэм хэтахэр, зи ныбжьыр илъэс 80-м щхьэдэхахэр тэмэму гъэпсэуныр къызэзыгъэпэщ хабзэкр хуэщIэнмэ и нэIэ зэрыпрагъэтыр.

КЪР-м Лжьыгъэмкlэ, цIыкIухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныр ирагъэкIуэн мэ, сомелуаным щIигъу зыфIэкIуэд къаухэкIыу. Iэмал зэрилэкIэ, ди цIыкIухэм ёдгъэщIэн хуейщ хамэм зыкъызэрыхуагъаз Iуэхур зэхамыгъэкIа-гъэ зыри ямыщIэну. Апхуэдэ зы щапхъэщ Аруан районым къыщыхъуар. Зыгуэрым и телефоным ирагъэхьащ сом мин 16-м нэс социальнэ ахъшэу къызэрыратыну теухуа хъыбар. Ар къыхихыфын щхьэкIэ, абы Iуэхугъуэ пыухыкIахэр терминалым бгъэдэту зэфIигъэхIын хуейт. Ар зи фIэщ хъуа цIыхум гъэпцIакIуэхэр зыхуей бжьыгъэхэр якIиIэри, и банк карточкэм ахъшэу ильауэ хъуар ирадыгъуакIащ. Араущи, сом мин 16 къызыхъхъэну зи гугъам зэхуихьэса и ахъшэр фIэкIуэдащ. Гъэпцlакlуэхэм Iэмал куэд къагъэсэбэп хущхъуэ нэпцIкIэр лIыжьфызыжьхэм иращыным ехьэлIауэ. Апхуэдэ уголовнэ Iуэхугъэ мызэ-мытIэу къыщыгIэтащ Iуащхьэмахуэр, Аруан районхэм. Къыпезгъэзэжынщи, цIыхухэр къыхуедджану дыхуейт щIэпхъаджащIэхэм зыкъэрмыгъэгъэпцIэну, гурыщхъуэ ящIамэ, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм икIэщIыпIэкIэ зыхуагъэзэну».

ЗэIущIэм я Iуэху еплъыкIэ къыщагъэлъэгуащ КЪР-м и МВД-м уголовнэ къэлъхьуэныгъэмкIэ и управленэм и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Лавринович Рашид**, «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэм и секретарым и къуэдзэ **Парафилов Дмитрий** сыми.

ЗэIущIэм хэтахэр зэгурыIуащ гъэпцIакIуэхэм зэрызыщахъумэнум теухуа хъыбар кIэщIкэр зэрыт буклетхэр зэхагъэувэну, аэрэ республикэм ис нэхъыжьхэм Iэрагъэхьэну, социальнэ Iуэхущ Iапl Iэхэм, республикэм и Пенсэ фондым, полицэм, участковэм я деж зэрыпсэлъэну телефон номерхэр зытет тхылъымпIэхэр унэ щIыхьэпIэхэм деж щыфIадзэну. Гъэпцlагъэкlэ мылъку зыIэрызыгъэхьэхэм ехьэлIауэ щыIэ законодательствэр гъэткIиин зэрыхуейр къагъэлъэгъуащ мы зэIущIэм хэтахэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Лыджыдэ Аслъэн Хьэжысмел и къуэр Налшык суд районым и суд участкэ №6-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэм и къулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Лыджыдэ Аслъэн Хьэжысмел и къуэр** Налшык суд районым и суд участкэ №6-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ АФЭЩIАГЪУЭ Михаил

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№654-П-П

Мэлыхъуэ Эммэ Мухьэмэд и пхъур Налшык суд районым и суд участкэ №17-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Мэлыхъуэ Эммэ Мухьэмэд и пхъур** Налшык суд районым и суд участкэ №17-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ АФЭЩIАГЪУЭ Михаил

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№655-П-П

Моллаев Расул Сэлихь и къуэр Бахьсэн суд районым и суд участкэ №25-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Моллаев Расул Сэлихь и къуэр** Бахьсэн суд районым и суд участкэ №25-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ АФЭЩIАГЪУЭ Михаил

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№656-П-П

СэвкIуий Аслъэн Урысбий и къуэр Шэджэм суд районым и суд участкэ №4-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Сэвкlуий Аслъэн Урысбий и къуэр** Шэджэм суд районым и суд участкэ №4-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ АФЭЩIАГЪУЭ Михаил

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№657-П-П

Тогузаев Мурат Мухьэрбий и къуэр Налшык суд районым и суд участкэ №15-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Тогузаев Мурат Мухьэрбий и къуэр** Налшык суд районым и суд участкэ №15-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ АФЭЩIАГЪУЭ Михаил

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№658-П-П

Щэрдан Чэрим Нодар и къуэр Дзэлыкъуэ суд районым и суд участкэ №3-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Щэрдан Чэрим Нодар и къуэр** Дзэлыкъуэ суд районым и суд участкэ №3-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ АФЭЩIАГЪУЭ Михаил

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№659-П-П

Щоджэн Замир Мухьэдин и къуэр Бахьсэн суд районым и суд участкэ №21-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Щоджэн Замир Мухьэдин и къуэр** Бахьсэн суд районым и суд участкэ №21-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ АФЭЩIАГЪУЭ Михаил

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№660-П-П

Шормэн Аллэ Алексей и пхъур Налшык суд районым и суд участкэ №16-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Шормэн Аллэ Алексей и пхъур** Налшык суд районым и суд участкэ №16-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ АФЭЩIАГЪУЭ Михаил

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№661-П-П

Хьэщэ Алим Мухьэдин и къуэр Прохладнэ суд районым и суд участкэ №24-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Хьэщэ Алим Мухьэдин и къуэр** Прохладнэ суд районым и суд участкэ №24-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ АФЭЩIАГЪУЭ Михаил

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№662-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм 2016 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа отчётым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм 2016 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа отчётым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм 2016 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа отчётыр хэтльытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ АФЭЩIАГЪУЭ Михаил

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№672-П-П

● Гу зылъытапхъэ

Эхинококкоз: сыт ар зищIысыр?

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу эхинококкоз узыфэ зиIэхэр ику ити Урысейм къыщыхъ бжьыгъэхэм хуэдищкIэ щIегъу. 2005 - 2016 гъэхэм къриубыдэу абы игъэсымаджэхэм хуэдэ 1,3-кIэ республикэм щыхэхъуащ. Зи гугъу тщIы зэманым цIыхуи 103-м, илъэсым зэрыщIидзэрэ тIум кьеуэлащ.

ЭХИНОКОККОЗЫР пкъым щыщ Iыхьэхэм, псом япэу тхьэмащIыгъум, тхьэмбылым, нэгъуэщIхэми уэтэпс дэзыщIэ узыфэ хьэлъэ зэчжьигуейщ.

Ар цIыхум къеуэлIэныр кьыхокI:

- узыр къэзыгъэхъеI хьэпIащIэ нэрымылъагъуэхэм унагъуэ псэущхьэхэр зэрызэщIащтэм;
- Iэщыр щаIыгъ щIыпIэхэмрэ псэупIэхэмрэ хьэпIащIэ нэрымылъагъуэр зыхэс хьэ хьэулейкэр зэрыщыкуэдым;
- санитар пщалъэхэм кьитIасэ былым укIыпIэкэр, узым ихь Iэщыр щыщIатIэ щIыпIэхэр республикэм и административэ щIыналъэхэм зэрыщымылэм;
- унагъуэхэм щаукI Iэщым и кIэрыхуухэм, щыIэ хабзэм тету, зэрыкIэлъымыплъым;
- хьэхэм я пкъым хищIэ хьэпIащIэхэр, къапщтэмэ, маркуэкэр, псыдыуэкэр, нэгъуэщIхэри гъэкIуэдыным хущхъуэкIэ зэремылажьым.

Эхинококкозыр микробхэмрэ хьэпIащIэ нэрымылъагъуэхэмрэ къаГъэщI. Аэр хьэхэм (псом нэхьрэ нэхъыбэрэ), дыгъужьхэм, бажэхэм, хьэпыщдзэхэм я псыхъэри, я кIэтIийхэм гельминтым (маркуэ кIыхьхэм, псыдыуэхэм, нэгъуэщIхэми) зыщаужь. Апхуэдэу Iэщышхуэхэм, цIыкIухэм, шыхэм, кхъуэхэм, щIыхьым, цIыхухэм я кIуэцIым уэтэпс ирещIэ.

Iэщ яуклым эхинококкоз уэтэпс зыхэт и кIэрыхуухэмкIэ (кIуэцIфэщым щыщхэмкIэ) хьэхэр зэрагъашхэр щыуагъэшхуэщ. Сыту жыIэмэ, ар зыIуухэ хьэм узыр къоуалIэри, цIыхур ецIалэ. Iэщхэм я фэм хьэпIащIэхэр хуэщщи, абы елэжьхэр сакъын хуейщ. Апхуэдэу хадэжкIэхэм, мэракIуэхэм, пхъэщхьэмыщхьэхэм псэущхьэ сымаджэхэр щалъэIэс щыIэщи, аэр фIыуэ ямытхьэщIу хъунущхьы.

Мы узыфэр зыпкърытхэм я процент 40-р ныбжьыщIэщ. Абы димыгъэпIейтеинкIэ Iэмал иIэкъым. КъищынэмыщIауэ, хьэхэм Iуэху лъэпкъ хузимыIэхэми къыщеуалIэ щыIэщ. ЦIхьэусыгъэр бэзэрхэхэм е нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщащэку хадэжкIэхэр тэмэму зэрамытхьэщIырщ.

Уэтэпсыр зы щIыпIэм е зыбжанэм щрещIэри, шын мэхъу, къоуэ, гъуэжь уз, нэгъуэщI узыфэхэр кьыхокI. Мы узыфэр зэрагъэ зэман кIыхькIэ - илъэс 20-м нэскIэ къыщамыщIэ щыIэщ. Эхинококкозым пэщIэтын щхьэкIэ, ультразвук къэухтэныгъэхэр, рентгенографие, компьютер томографие Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкI, пъыр зыхуэдэр лабораторэхэм къыщащытэ. Абы операцэ Iэмалкlи, хьэпIащIэхэм зэребэн хущхъуэкIи йоIэзэ.

Эхинококкозыр - цIыхур ныкъуэдыкъуэ зыщI, языныкъуэхэм деж зэрылIыкI гельминтоз узыфэ бзаджэщ. Араущ ар гъэкIуэдыным гулъытэшхуэ щыхуащIыр. Инвазиер къазэрыпкърыкIыр зыщамыгъэгъупщэу, хьэхэм яхуэсакъын хуейщ. Ерысакьымрэ хьэкъущыкъуэмрэ лъагъэIэс хъунуукъым. Хьэм еIусхэм, хадэм илэжьыхьхэм я Iэхэр егупуу ятхьэщыкьыпхъэщ. Апхуэдэу я узыфэм щахъымэн щхьэкIэ, микробхэмрэ хьэпIащIэхэмрэ зэребэн хущхъуэхэмкIэ унагъуэ псэущхьэхэм елэжьыпхъэщ. Ар профилактикэм и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

ЛЕОНОВЭ Ирин э,

Урысейм Потребительскэ кIэлъплъыныгъэмкIэ и Iуэхущ Iапl Iэм и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм эпидемиологие къэпщытэныгъэмкIэ и къудамэм и Iэщ Iагъэлl-эксперт пэрыт.

Iуащхьэмахуэ и щыгум ямэу дэкIа адыгэлI Хьэшыр Чылар

(1799 - 1859 гъэ.)

Вольнэ Аул къуажэм дэса адыгэ унагъуэм къыщалъхуащ. Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием инэрал Емануэл и пашэу къызэригъэпэща щIэныгъэ экспедицэм и гъэзэгугъэлъагъуэу щытащ. Iуащхьэмахуэ и къуэкIыпIэ щыгум (метр 5633-рэ) 1829 гъэм ямэ дыдэу дэкIа цIыхущ. Урысей альпинизмэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщщ. АдыгэлI хахуэм а и лIыгъэр къыщыгъэлъэгъуа гъущI пхъэбгу Луганск кьалэм щагъэжьауэ щытащ.

Урысейпсо зэхьэзэхуэ къыхалъхьэ

● Зэпеуэхэр

Мэлыхьыхьым къыщыщIэдзауэ мэкъуаугъуэ мазэ пщIондэ екIуэкIыну зэпеуэр техникэ Iуэхуэр зэхуэгъэкIуэнымрэ метрологиемкIэ федеральнэ агентствэм, «Фlагъымкlэ академие» МОО-м, «Пщалъэхэмрэ фlагъымрэ» журналым и редакцэм, «КЪР-м стандартизацэмкIэ, метрологиемрэ гъэунэхуныгъэхэмкIэ и щIыналъэ центр» федеральнэ бюджет Iуэхущ Iапl Iэм къызэрагъэпэщ.

«ХЬЭПШЫПЫМ и проектыр - продукцэр къыщIэгъэкIыныр - рынокым егъэшэныр - щэхуакIуэхэм яIэрыгъэхьэныр» кIыхьеджэныгъэм щIэту къыхалъхьа зэхьэзэхуэр тещIыхьащ, бизнес мащIэмрэ курытымрэ хэту, щIэупщIэ зиIэ продукцэхэр зэуIуу къыщIэгъэкIыным предприятэхэмрэ организацэхэмрэ тегъэгушхуэным, нэгъуэщI щIыпIэхэм кърашхэ я пIэкIэ ягъэхьэзырхэм хэгъэхуэным, фlагъ лъагэ зиIэ хьэпшып къабзэ шынагъэншэхэмкIэ къэрал кIуэцI рынокыр гъэнщIыным, цIыхухэм я псэукIэр ирагъэфIэкIуэн щхьэкIэ, ди деж щагъэхьэзыр апхуэдэ продукцэхэр, щызэфIагъэкI Iуэхутхьэбзэхэр Урысей рынокымрэ Таможнэ Союзым Зыуэ щыт и экономикэ щIыналъэмрэ щыпхырыгъэкIынымрэ.

Зэпеуэм хэт хъунущ, Iэнатlэ мыинхэмрэ нэхъ цIыкIу дыдэхэмрэ хьэхьэу, производственно-техникэ мыхьэнэ зиIэ продукцэхэр, цIыхухэм папщIэ промышленнэ хьэпшыпхэр, ерыскъыхэкIхэр, псэуалъэпхъэхэр, Iэпщ Iэлъапщ Iэхэм я изделиехэр къыщыщIагъэкI, узынщагъэр щрагъэфIакIуэ, медицинэ, турист, нэгъуэщI Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятэ, организацэ лIэужьыгъуэ псори.

«Урысейм и хьэпшып нэхьыфIу 100» Урысейпсо зэхьэзэхуэм хьэпшып нэхъыфIу 100» Программэм и сайтым щызэбграгъэх. Iуэхущ Iапl Iэ нэхъыфIхэм зэпеуэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр - «Фlагъым щыпэрыт» призыр, номинацэ щхьэхуэхэм щыпашэхэм «Хэкур зэрыпагэ», «Фlагъым и лъагаIо», «Илъэсым щIэуэ къахьыжьа» саугъэтхэр хуагъафащэ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуэхэр мы гъэм и щкIуэгъуэ мазэм - Фlагъым и дунейпсо махуэмрэ Фlагъым и европей тхьэмахуэмрэ ирихьэлIэу ягъэлъапIэнущ.

Республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ «Урысейм и хьэпшып нэхъыфIу 100» Урысейпсо зэпеуэм жыдэжру хэтыну кьыдогъэблагъэ.

Зэхьэзэхуэм теухуа хъыбархэмрэ фызыхуеину тхьылъымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЦСМ» ФБУ-м къыщыдыгъэтынущ.

Ди хащIапIэр: Налшык къалэ, Елбэрдан и цIэр зезыхьэ уэрам, 45. Телефоныр: 74-01-73; сайтыр: www.100 best.ru.

Зэпеуэр езыгъэкIуэкI комиссэ.